Tadqiqot uz

ISSN 2181-9556

Doi Journal 10.26739/2181-9556

# ИЖТИМОИЙ ТАДҚИҚОТЛАР ЖУРНАЛИ

3-МАХСУС СОН

# ЖУРНАЛ СОЦИАЛЬНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ

СПЕЦИАЛЬНЫЙ НОМЕР-3

# JOURNAL OF SOCIAL STUDIES

SPECIAL ISSUE-3

ТОШКЕНТ-2024

# ИЖТИМОИЙ ТАДҚИҚОТЛАР ЖУРНАЛИ

ЖУРНАЛ СОЦИАЛЬНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ | JOURNAL OF SOCIAL STUDIES

№SI-3 (2024) DOI http://dx.doi.org/10.26739/2181-9556-2024-SI-3



**Бош муҳаррир:**
**Главный редактор:**
**Chief Editor:**
**Сеитов Азамат Пулатович**
доктор социологических наук
(Doctor of sociology, DSc)

**Бош муҳаррир ўринбосари:**
**Заместитель главного редактора:**
**Deputy Chief Editor:**
**Сабирова Умида Фархадовна**
доктор социологических наук
(Doctor of sociology, DSc)

## ТАҲРИРИЙ МАСЛАҲАТ КЕНГАШИ | РЕДАКЦИОННЫЙ СОВЕТ | EDITORIAL BOARD:

### 22.00.01-Социология назарияси, методологияси ва тарихи. Социологик тадқиқотлар усуллари. Теория, методология и история социологии. Методы социологических исследований. Theory, methodology and history of sociology. Methods of sociological research.

**Бекмурадов Мансур Бобомурадович**
доктор социологических наук, профессор (Узбекистан)
**Каланов Комил Куллахматович**
кандидат социологических наук, профессор (Узбекистан)
**Убайдуллаева Раиса Турсуновна**
доктор социологических наук, доцент (Узбекистан)
**Негматова Шахзода Шухратовна**
доктор философских наук, профессор (Узбекистан)
**Шайылдаева Асель Кокоевна**
кандидат социологических наук (Кыргызстан)

**Исмаилов Алишер Агзамович**
доктор экономических наук, (Узбекистан)
**Щепилова Галина Германовна**
доктор философских наук, профессор (Россия)
**Рожанский Михаил Яковлевич**
кандидат философских наук (Россия)
**Маматов Нормурат**
доктор философских наук, профессор (Узбекистан)
**Бурнашев Рустам Ренатович**
кандидат философских наук, профессор (Казахстан)

### 22.00.02-Ижтимоий тузилиш, ижтимоий институтлар ва турмуш тарзи Социальные структуры, социальные институты и образ жизни Social structures, social institutions and way of life

**Умаров Абсалом Адилович**
доктор социологических наук, профессор (Узбекистан)
**Холбеков Абдуғани Жуманазарович**
доктор социологических наук, профессор (Узбекистан)
**Шайхисламов Рафаэль Бадретдинович**
доктор социологических наук, профессор (Россия)
**Акулич Мария Михайловна**
доктор социологических наук, профессор (Россия)

**Антонио Алонсо Марсос**
доктор политических наук, профессор (Испания)
**Фадеева Любовь Александровна**
доктор социологических наук, профессор (Россия)
**Виктор Агаджаньян**
доктор философии по социологическим наукам, профессор (США)

### 22.00.03-Ижтимоий онг ва ижтимоий жараёнлар социологияси. Социология социального сознания и социального процесса. Sociology of social consciousness and social process

**Аликариев Нуритдин Сапаркариевич**
доктор экономических наук, профессор (Узбекистан)
**Матибаев Тасполат Балтабаевич**
доктор социологических наук, профессор (Узбекистан)
**Николов Стефан**
доктор философии по социологическим наукам, (Болгария)

**Мирзахмедов Абдирашид Мамасидикович**
доктор философских наук, профессор (Узбекистан)
**Ли Ци**
доктор исторических наук, профессор (Китай)
**Сухомлинова Марина Валерьяновна**
доктор социологических наук, профессор (Россия)



www.tadqiqot.uz решает задачи, предусмотренные Стратегией Узбекистана 2030, направленные на развитие науки за счет внедрения достижений научных исследований ученых и служащих их признанию в международном научном сообществе. Так, каждой статье, опубликованной в журнале, присваивается номер DOI (Crossref). Журналы включены в международные индексные базы данных. Входит в список журналов ВАК Узбекистана.

# ТАҲРИР ҲАЙЪАТИ | РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ | EDITORIAL TEAM:

**22.00.01-Социология назарияси, методологияси ва тарихи. Социологик тадқиқотлар усуллари.**
**Теория, методология и история социологии. Методы социологических исследований.**
**Theory, methodology and history of sociology. Methods of sociological research.**

**Пармонов Фарход Ярашевич**
доктор социологических наук, доцент (Узбекистан)
**Толипов Файзулла Саидович**
кандидат исторических наук, доцент (Узбекистан)
**Алимухамедова Нодира Ядгаровна**
доктор философии по философским наукам (Узбекистан)

**Камалова Хатира Сабыровна**
кандидат социологических наук, доцент (Узбекистан)
**Тагиева Гулсум Гафуровна**
доктор философии по социологическим наукам (Узбекистан)
**Ахмедова Феруза Медетовна**
доктор философии по социологическим наукам (PhD) (Узбекистан)

**22.00.02-Ижтимоий тузилиш, ижтимоий институтлар ва турмуш тарзи**
**Социальные структуры, социальные институты и образ жизни**
**Social structures, social institutions and way of life**

**Аликариева Аълохон Нуриддиновна**
кандидат социологических наук, доцент (Узбекистан)
**Заитов Элёр Холмаматович**
доктор философии по социологическим наукам, доцент (Узбекистан)
**Қозоқов Собиржон Зокиржонович**
доктор философии по социологическим наукам (Узбекистан)

**Мирзахмедов Хуршид Абдирашидович**
доктор философии по социологическим наукам, доцент (Узбекистан)
**Қаюмов Қахрамон Нозимжонович**
доктор философии по социологическим наукам (Узбекистан)
**Рахимбаева Дилбархон Абдулхамитовна**
кандидат философских наук, доцент (Узбекистан)

**22.00.03-Ижтимоий онг ва ижтимоий жараёнлар социологияси.**
**Социология социального сознания и социального процесса.**
**Sociology of social consciousness and social process**

**Махкамов Қодиржон Одилжонович**
доктор философии по социологическим наукам, доцент (Узбекистан)
**Доспанова Дилара Уракбаевна**
кандидат филологических наук, доцент (Узбекистан)

**Каримов Бобир Шаропович**
доктор социологических наук, доцент (Узбекистан)
**Якубов Ильдар Харрасович**
кандидат политических наук, доцент (Узбекистан)

**Page Maker | Верстка | Саҳифаловчи: Хуршид Мирзахмедов**



**Контакт редакций журналов. www.tadqiqot.uz**
ООО Tadqiqot город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of www.tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC the city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000



МАҚОЛАДА КЕЛТИРИЛГАН ДАЛИЛЛАРНИНГ ТЎҒРИЛИГИ УЧУН МУАЛЛИФ МАСЪУЛДИР | АВТОР НЕСЕТ ОТВЕТСТВЕННОСТЬ ЗА ДОСТОВЕРНОСТЬ ФАКТОВ ИЗЛОЖЕННЫХ В СТАТЬЕ

# МУНДАРИЖА | СОДЕРЖАНИЕ | CONTENT

**1. Sodiqova Shohida**
RAQAMLI TEXNOLOGIYALARNING KEKSALAR UCHUN IMKONIYATLARI VA XAVFLARI……………………………………………………………………………………..9

**2. Karimov Bobir**
FASILITATIV LIDERLIK – BOSHQARUVDA DEMOKRATIK JARAYONLARNI RIVOJLANTIRISH OMILI SIFATIDA………………………………………………………………18

**3. Алексеева Виктория**
ОСОБЕННОСТИ ВОСПРИЯТИЯ МОЛОДЕЖЬЮ СОЦИАЛЬНЫХ ЛИФТОВ В ПРОЦЕССЕ СОЦИАЛЬНОЙ МОБИЛЬНОСТИ……………………………………………………………….26

**4. Якубов Ильдар**
СОВРЕМЕННЫЕ КОНЦЕПЦИИ УПРАВЛЕНИЯ: СРАВНИТЕЛЬНЫЙ АНАЛИЗ…………38

**5. Ахмедов Нодир**
ИНФОРМАЦИОННАЯ БЕЗОПАСНОСТЬ В УЗБЕКИСТАНЕ: ПРОБЛЕМЫ ФЕЙКОВЫХ НОВОСТЕЙ И МЕЖДУНАРОДНЫЙ ОПЫТ БОРЬБЫ…………………………………………..45

**6. Abduraxmonova Manzuraxon, Sultonova Nazokatxon**
KVADROBERLAR SUBMADANIYATI – DEVIANT XULQ-ATVOR SIFATIDA……………53

**7. Alikariyeva A’loxon**
TA’LIM SIFATI MENEJMENTI TIZIMINI JORIY ETISH MUAMMOLARI…………………..59

**8. Berdimuratova Alima, Kamalova Khatira, Baymurzaev Azamat**
GLOBALLASIW DÁWIRINDE QARAQALPAQSTANLİ JASLARDIŃ QÁDIRIYATLARǴA BAǴDARLANǴANLIǴI MÁSELELERI………………………………………………………67

**9. Mirzaxmedov Xurshid**
SOTSIAL TRANSFORMATSIYA: YOSHLAR………………………………………………..81

**10. Zaretdinova Nesibeli, Xakimniyazova Mavluda**
MEHNAT MIGRATSIYASINING DEMOGRAFIYAGA TA’SIRI………………………………89

**11. Mo‘minov Zokirjon**
IJTIMOIY MOBILLIK TURLARI: VERTIKAL VA GORIZONTAL IJTIMOIY MOBILLIK HAQIDA TUSHUNCHA……………………………………………………………………...96

**12. Узакова Зарина**
ДОШКОЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ КАК ЭТАП ФОРМИРОВАНИЯ СОЦИАЛЬНОГО КАПИТАЛА ДЕТЕЙ С ИНВАЛИДНОСТЬЮ……………………………………………………103

**13. Alimuxamedova Nodira**
«MILLAT» HODISASINI TUSHUNISHDA ILMIY-NAZARIY YONDASHUVLAR………...110

**14. Radjabova Aziza**
GLOBAL GEOSIYOSIY VA GEOIQTISODIY O‘ZGARISHLAR VA ULARNING MINTAQAVIY XAVFSIZLIKNI TA’MINLASH, NIZOLARNING OLDINI OLISHGA TA’SIRI……………………………………………………………………………………117

**15. Dulanbayeva Oygul**
ZAMONAVIY JAMIYAT SHAROITIDA DIN VA IQTISODIY INSTITUTLARNING O'ZARO ALOQADORLIGI……………………………………………………………………………123

**16. Bekmurodov Xusan**
"MAHALLA YETTILIGI" – JAMIYATDA IJTIMOIY MUNOSABATLARNI TAKOMILLASHTIRISHNING YANGI MEXANIZMI SIFATIDA (SOTSIOLOGIK TAHLIL)……………………………………………………………………………..129

**17. Samadov Shohzod**
FUQAROLIK JAMIYATI INSTITUTLARINING IJTIMOIY TRANSFORMATSIYASIGA DOIR QARASHLAR (SOTSIOLOGIK TAHLIL ASOSIDA)………………………………………..135

**18. Мирзаева Шахноза**
НОВЫЙ УЗБЕКИСТАН: ГЕНДЕРНОЕ РАВЕНСТВО В СФЕРЕ ПРЕДПРИНИМАТЕЛЬСТВА……………………………………………………………...142

**19. Mirjavxarova Farida**
TRANSFORMATSION JAMIYATDA HARBIYLIK KASBI: ORIENTATSIYA VA DEFORMATSIYA (KASBIY BUZILISH) SABABLARI, OMILLARI VA UNING NAMOYON BO'LISHI………………………………………………………………………...148

**20. Xaytboev Boburjon**
INSON, FAN VA TEXNIKA TUSHUNCHALARI – FALSAFIY TADQIQOD OBYEKTI SIFATIDA………………………………………………………………………………………155

**21. Xo'jamqulov Adham**
YANGI O'ZBEKISTONNING YOSHLARGA DOIR SIYOSATI: YOSHLAR IJTIMOIY KAPITALINI RIVOJLANTIRISH OMILI SIFATIDA………………………………………..162

**22. Qobilov Uchqun**
DAVLAT BOSHQARUVINI RAQAMLASHTIRISH SHAROITIDA DAVLAT XIZMATCHILARINING KASBIY KOMILLIGINI SHAKLLANTIRISH……………………..169

**23. A'zamova Kumush**
INSON QADRINI YUKSALTIRISHDA IJTIMOIY DAVLAT MEXANIZMLARINING REGULYATIV FUNKSIYASINI RIVOJLANTIRISH………………………………………..176

**24. Tajieva Dilnoz**
YANGI O'ZBEKISTON TARAQQIYOTIDA XOTIN-QIZLARNING O'RNI VA MAVQEI: SOTSIOLOGIK TAHLIL……………………………………………………………………183

**25. Xaydarova Javohira**
RAHBAR AYOLLARNING BOSHQARUV KOMPETENSIYALARINI RIVOJLANTIRISHNING XORIJ TAJRIBASI………………………………………………..189

**26. Каюмова Райхона**
МАХАЛЛЯ В УЗБЕКИСТАНЕ: ИСТОРИЧЕСКИЙ ИНСТИТУТ МЕСТНОГО САМОУПРАВЛЕНИЯ И СОВРЕМЕННОЙ СОЦИАЛЬНО-ЭКОНОМИЧЕСКОЙ ТРАНСФОРМАЦИИ……………………………………………………………………….198

ISSN: 2181-9556
www.tadqiqot.uz
ИЖТИМОИЙ ТАДҚИҚОТЛАР ЖУРНАЛИ
ЖУРНАЛ СОЦИАЛЬНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ | JOURNAL OF SOCIAL STUDIES

**Berdimuratova Alima,**
filosofiya ilimleri doktorı, prof.
“Sociallıq pánler” kafedrası baslıǵı
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
**Kamalova Khatira,**
sociologiya ilimler kandidatı, docent,
“Sociallıq pánler” kafedrası docenti
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
**Baymurzaev Azamat,**
filosofiya ilimleri doktorı (PhD), “Sociallıq pánler” kafedrası docenti
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

# GLOBALLASIW DÁWIRINDE QARAQALPAQSTANLİ JASLARDIŃ QÁDIRIYATLARǴA BAǴDARLANǴANLIǴI MÁSELELERI

**http://dx.doi.org/10.5281/zenodo.14564764**

**ANNOTACIYA**

Maqala 2024 jılda Qaraqalpaqstan Respublikası jaslarınıń qádiriyatlar baǵdarın úyreniwge arnalǵan. 14 jastan 30 jasqa deyingi respondentler arasında ótkerilgen sociologiyalıq izertlewde zamanagóy jaslardıń tiykarǵı turmıslıq qádiriyatları, baǵdarları hám kóz-qarasları anıqlandi. Nátiyjeler sonı kórsetti, shańaraq, salamatlıq, muhabbat hám tálim eń zárúrli qádiriyatlardıń ierarxiyasına kiredi. Jaslar materiallıq párawanlıq, mártebe hám finanslıq ǵárezsizlikke umtıladı, usınıń menen birge dástúriy ruwxıy qádiriyatlardı saqlap qaladı, mısalı, kollektivlik hám ruwxıylıqtı materiallıq zatlardan ústin qoyadı. Usınıń menen birge, izertlew tálim processi hám mártebe jetiskenliklerine úlken itibar beriwdi kórsetti. Siyasiy hám diniy kontekstlerde jaslar ortasha qızıǵıwshılıqtı kórsetip atır, maǵlıwmatlı bolıwdı ábzal kóredi, biraq aktiv siyasiy iskerlikke tartilmaydı. Sonıń menen birge, jámiyetshilik baslamalarında, mısalı, shembelik ilajlarında qatnasıwdıń joqarı dárejesin kórsetken.

**Tiykarǵı túsinikler**: jaslardıń qádiriyatlarǵa baǵdarlanǵanlıǵı, jaslar social-demografiyalıq topar, qádiriyatlardıń transformaciyası, sociomádeniy ózgerislar, shańaraq qádiriyat sıpatında, tálim hám mártebe, Qaraqalpaqstan jasları.

---

**Бердимуратова Алима,**
доктор философских наук, проф.
зав. кафедры “Социальных наук”
Каракалпакский Государственный университет имени Бердаха
**Камалова Хатира,**
кандидат социологических наук,
доцент кафедры “Социальных наук”

Каракалпакский Государственный университет имени Бердаха
**Баймурзаев Азамат,**
доктор философии по философским наукам (PhD),
доцент кафедры “Социальных наук”
Каракалпакский Государственный университет имени Бердаха

# К ВОПРОСУ О ЦЕННОСТНЫХ ОРИЕНТАЦИЯХ МОЛОДЕЖИ КАРАКАЛПАКСТАНА В ПЕРИОД ГЛОБАЛИЗАЦИИ

**АННОТАЦИЯ**

Статья посвящена исследованию ценностных ориентаций молодежи Республики Каракалпакстан в 2024 году. В ходе социологического опроса среди респондентов в возрасте от 14 до 30 лет выявлены основные жизненные ценности, ориентиры и взгляды современной молодежи. Результаты показали, что в иерархии ценностей важнейшими остаются семья, здоровье, любовь и образование. Молодежь проявляет стремление к материальному благополучию, карьерному росту и финансовой независимости, при этом сохраняет традиционные духовные ценности, такие как коллективизм и приоритет духовного над материальным. В то же время исследование показало значительное внимание к образовательному процессу и карьерным достижениям. В политическом и религиозном контекстах молодежь проявляет умеренный интерес, предпочитая быть информированными, но не вовлеченными в активную политическую деятельность.

**Ключевые слова**: ценностные ориентации молодежи, молодежь – социально-демографическая группа, трансформация ценностей, социокультурные изменения, семья как ценность, образование и карьера, молодежь Каракалпакстана.

---

**Berdimuratova Alima**,
Doctor of Philosophy, Professor
Head of the Department of "Social Sciences"
Karakalpak State University named after Berdakh
**Kamalova Khatira**,
Candidate of Sociological Sciences,
Associate Professor of the Department of "Social Sciences"
Karakalpak State University named after Berdakh
**Baymurzaev Azamat**,
Doctor of Philosophy in Philosophy (PhD),
Associate Professor of the Department of "Social Sciences"
Karakalpak State University named after Berdakh

# TO THE QUESTION OF VALUE ORIENTATIONS OF THE YOUTH OF KARAKALPAKSTAN IN THE PERIOD OF GLOBALIZATION

**ABSTRACT**

The article is devoted to the study of value orientations of the youth of the Republic of Karakalpakstan in 2024. During a sociological survey among respondents aged 14 to 30, the main life values, guidelines and views of modern youth were identified. The results showed that in the hierarchy of values, family, health, love and education remain the most important. Young people strive for material well-being, career growth and financial independence, while maintaining traditional spiritual values, such as collectivism and the priority of the spiritual over the material. At the same time, the study showed significant attention to the educational process and career achievements.

**Key words**: value orientations of youth, youth as a socio-demographic group, transformation of values, socio-cultural changes, family as a value, education and career, youth of Karakalpakstan.

---

**Berdimuratova Alima**,
falsafa fanlari doktori, prof.
Ijtimoiy fanlar kafedrasi mudiri
Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti
**Kamalova Xotira**,
sotsiologiya fanlari nomzodi,
Ijtimoiy fanlar kafedrasi dotsenti
Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti
**Baymurzaev Azamat**,
falsafa fanlari doktori (PhD),
Ijtimoiy fanlar kafedrasi dotsenti
Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti

# QORAQALPOG'ISTON YOSHLARINI GLOBALLASHISH DAVRIDAGI QADRIYATLIK YO'LLARI HAQIDAGI SAVOL BO'YICHA

**ANNOTATSIYA**

Maqola 2024-yilda Qoraqalpog‘iston Respublikasi yoshlarining qadriyat yo‘nalishlarini o‘rganishga bag‘ishlangan. 14 yoshdan 30 yoshgacha bo‘lgan respondentlar o‘rtasida o‘tkazilgan sotsiologik so‘rov davomida zamonaviy yoshlarning asosiy hayotiy qadriyatlari, yo‘l-yo‘riqlari va qarashlari aniqlandi. Natijalar shuni ko'rsatdiki, oila, sog'liq, sevgi va ta'lim qadriyatlar ierarxiyasida eng muhimi bo'lib qolmoqda. Yoshlar an'anaviy ma'naviy qadriyatlarni, masalan, kollektivizm va ma'naviyatning moddiy narsadan ustunligini saqlab qolgan holda, moddiy farovonlik, martaba o'sishi va moliyaviy mustaqillikka intilishadi. Shu bilan birga, tadqiqot o'quv jarayoni va martaba yutuqlariga katta e'tibor qaratdi. Siyosiy va diniy kontekstda yoshlar o'rtacha qiziqish ko'rsatadilar, xabardor bo'lishni afzal ko'radilar, lekin faol siyosiy faoliyatga jalb qilinmaydilar. Jamoatchilik tashabbuslarida, masalan, tozalash kunlarida ishtirok etishning yuqori darajasi ham qayd etildi.

**Kalit so'zlar**: yoshlarning qadriyat yo'nalishlari, yoshlar - ijtimoiy-demografik guruh, qadriyatlarning o'zgarishi, ijtimoiy-madaniy o'zgarishlar, oila qadriyat sifatida, ta'lim va martaba, Qoraqalpog'iston yoshlari.

---

## KIRISIW. (ВВЕДЕНИЕ. INTRODUCTION. KIRISH)

Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw sharayatında óziniń jańa progressiv kózqarasları, demokratiyalıq oy-pikirleri menen ajıralıp turatuǵın jańa áwlad jasları qáliplesti. Mámleketimiz zamanagóy jaslar aldında jańa wazıypalardı qoymaqta. Bul jaslardıń jámiettegi rolin arttırıw, sociallıq-siyasiy belsendiligin arttırıw, jámiette múnásip orın iyelewge salmaqlı xızmet etpekte. Usı kózqarastan qaraǵanda, jańa Ózbekstannıń strategiyalıq wazıypalarınan biri – birgelikte bastan keshiriwlerge uqıplı, erkin insanıylıq baǵdarında tańlawǵa tayar, individual intellektuallıq háreketke iye, siyasiy jumısta erkin, bárkamal, juwapkershilikli, ekonomikalıq, kásiplik hám mádeniy turmıs, ózin hám basqalardı húrmetleytuǵın, basqa mádeniyat hám millet wákillerine baylanıslı keńpeyil, erkin pikir hám kútilmegen pikirlerge ashıq shaxstı tárbiyalawdan ibarat ekeni anıq. Usı múnásibet penen Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoevtiń sózlerin keltirmekshimiz: «Erteńgi kún hám planetamızdıń abadanlıǵı biziń perzentlerimiz ne bolatuǵını hám nelerge eriskenine baylanıslı. Jaslardıń óz potencialın kórsetiwi ushın zárúr sharayatlardı jaratıw tiykarǵı wazıypamız bolıp esaplanadı» [1].

Akmal Saidov óziniń maqalasında tómendegishe talıqlaydı: “... Búgingi kúnde planetamız xalqı arasında 2 milliardtan aslam ul-qızlar bar, bul pútkil adamzat tariyxındaǵı rekord dárejedegi jaslardıń kólemi bolıp tabıladı. Negizinde, barlıq jaslardıń derlik 90 procenti rawajlanıp atırǵan mámleketlerde jasaydı, olar xalıqtıń salmaqlı bólegin quraydı. Oraylıq Aziya dúnyadaǵı eń jas region bolıp esaplanadı, bul jerde jaslardıń ortasha jası 27,6 jastı quraydı. Sol jaslardıń derlik 50 procenti Ózbekstanda jasaydı” [7].

Sonlıqtan, “... Ózbekstan bar kúshin hám múmkinshiliklerin jaslardıń bilim alıwı hám kámal

insan bolıp jetiwine, zamanagóy, aldıńǵı innovciyalıq shárt-sharayatlardı jaratıw jolında xızmet etip atırǵanın bólek atap ótiw kerek. Sebebi jaslardı hár tárepleme qollap-quwatlawǵa, jetik hám salamat jetkinshekti patriotlıq hám belsendilik ruwxında tárbiyalawǵa, olardıń huqıq hám máplerin qorǵawǵa qansha itibar qaratılsa, sonshelli onıń nátiyjesi joqarı boladı. Tap usı sebepten Ózbekstan jámiettiń aktiv qatlamı dep tán alınǵan jaslarǵa "mashqala" retinde emes, bálki mámleket párawanlıǵın támiyinley alatuǵın úlken kúsh retinde, mámlekettiń strategiyalıq resursı retinde qaraydı [9].

Jámiettiiń keleshek rawajlanıwı zamanagóy jaslardıń qádiriyat baǵdarları menen tıǵız baylanıslı bolıp, olar, óz gezeginde, ásirese, globallasıw dáwirinde aktual qádiriyatlar bolıp tabıladı. Álbette, jaslardıń qádiriyatları social-mádeniy ózgerislerge hám jeke tájiriybelerge baylanıslı túrde ózgeriwi múmkin, sebebi qádiriyatlar orientaciyasi basqa processler hám hádiyseler menen óz-ara baylanıslı. Sonıń menen birge, olar turmıs tárizi, turmıs poziciyası, sociallıq potencial sıyaqlı integral túsiniklerdiń bir bólegi bolıp tabıladı. «Jaslar hár qanday jámiettiń ajıralmaytuǵın bólegi retinde, jámiyetti modernizaciyalaw hám turaqlılastırıwdıń kóplegen processlerine tartılǵan halda, tekǵana júz berıp atırǵan ózgerislerdiń ayriqsha kórsetkishi bolıp tabılmaydı, bálki keleshektegi innovaciyalıq jámiettiń potencialın da qáliplestiredi» - dep pikirleydi geypara alımlar [11].

Solay etip, jaslar ózleriniń sanı hám potencialı boyınsha zárúrli bolıp, tekǵana social qatnaslar hám strukturanı qayta islep shıǵatıwı menen birge innovaciyalıq funkciyasın hám atqaradı, ámeldegi tártipti, sonday-aq qabıl etilgen minez-qulıq normalari hám standartların, zárúrli hám sociallıq maqul túsetuǵın bolǵan zatlar haqqındaǵı qıyallardı hám ózgertiredi. Sonıń ushında qádiriyatlar jámiyet hám shaxs sistemaların integraciyalawda zárúrli rol oynaydı. Al házirgi jaslardıń qálew-tilekleri jámiettiń keyingi turmısına, onıń mádeniy hám materiallıq rawajlanıwına tolıq baylanıslı boladı. Sebebi házirgi jaslardıń qádiriyatları tuwrısındaǵı másele barǵan sayın úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

**METODIKA. (МЕТОДИКА. INTRODUCTION. METODIKA)**

Rossiyalı alımlarınıń pikirine kóre: "Jaslardıń qádiriyatların úyreniwiniń taǵı bir sebebi sonda, bul social-demografiyalıq topar dástúriy túrde eń aktiv dep esaplanadı, jámiettiń házirgi hám keleshektegi rawajlanıwı jetkinsheklerdiń oǵan ózgeshe qatnasıwına baylanıslı. Sociallıq qatnaslar sistemasında óz mártebesin tabıw menen baylanıslı bolǵan turmıstıń waqıyalar menen toltırılıwı óz-ózin belgilew máselelerin sheshiw zárúrliligi menen baylanıslı aktivlikti keltirip shıǵaradı" [4].

Tariyxıy rawajlanıwdıń túrli dáwirlerinde hár bir jámiettiń ayriqsha qádiriyatlar kompleksi qáliplesedi, olardıń sisteması sociallıq tártipke salıwdıń eń joqarı dárejesi retinde xızmet etedi. Zamanagóy jaslardıń qádiriyatlarınıń ózgeriwi olardıń minez-qulqınıń ózgeriwine tásir kórsetip atır [8].

Solay etip, jaslardıń qádiriyatlarnı úyreniw arnawlı bir sociallıq toparlar iskerliginiń motivaciyasın túsiniwge jol ashadı, sonıń menen birge, social processlerdiń qásiyetlerin túsindiriwge járdem beredi.

Sol sebepli zamanagóy social-ekonomikalıq sharayatlarda jaslar qádiriyatlarınıń ózgeris processin úyreniw maqsetinde bizler 2024-jılı iyul-avgust aylarında 14 jastan 30 jasqa deyingi Qaraqalpaqstan Respublikası jaslarınıń qádiriyatların sociologiyalıq izertledik.

Izertlew ótkeriw ushın standartlastırılǵan interv'yu usılınan paydalanildi. Tańlaw tosınarlı bolıp, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń túrli rayonlarında jasawshı 962 respondentti quradı. Respondentler tómendegi taypalar boyınsha soraldı: tálim dárejesi, jası, qádiriyatlar hám baxıt haqqındaǵı qıyalları, sonıń menen birge, keleshek jáne sociallıq qádiriyatlar haqqındaǵı qıyalları (diagramma 1):

- Nókis qalası – 108;
- Nókis rayonı – 82;
- Ámudárya rayonı – 69;
- Biruni rayonı – 78;
- Kegeyli rayonı – 67;
- Qanlıkól rayonı – 39;
- Qaraózek rayonı – 43;
- Qońırat rayonı – 81;
- Moynaq rayonı – 38;

- Taxtakópir rayonı – 58;
- Taxiyatas rayonı – 35;
- Tórtkól rayonı – 78;
- Xojeli rayonı – 58;
- Shomanay rayonı – 32;
- Shımbay rayonı – 62;
- Ellikqala rayonı – 34.

**Diagramma 1.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasınıń rayonlarında jasawshı respondentleriniń bólistiriliwi**




Jınıs boyınsha ajıratıw óz-ózinen júz bermedi, sebebi izertlew tosınarlı saylanǵan bolǵan, yaǵnıy geypara respondentlerdi kóshede toqtatıp soralǵan edi, eger respondentler sol waqıtta 14 ten 30 jasqa shekem bolsa.

**TIYKARǴI BÓLIM. (ОСНОВНАЯ ЧАСТЬ. MAIN PART. ASOSIY QISM)**

Izertlew nátiyjelerine kóre, sorap alınǵan respondentlerdiń barlıǵı 14 jastan 30 jasqa deyingi bolıp tabıldı.

Respondentlerdiń jasına kóre kvotaları hár bir bólek jas qatlamına tiyisli soralǵan respondentler sanınıń procent qatnası boyınsha talaplar qoyılmadı.

"Siziń maǵlıwmatańız qanday?" degen sorawǵa juwaplar tómendegishe bólistirilgen:

- Ortasha - 18% respondentler (173 respondent);
- Tamamlanmaǵan joqarı - 69% respondentler (664 respondent);
- Joqarı - 13% respondentler (125 respondent). (Diagramma 2)

Demek, soraw nátiyjelerine kóre, respondentlerdiń kóbisi (69%) joqarı maǵlıwmatqa ele iye emes. Bul bizlerge sonı kórsetedi, respondentlerdiń derlik barlıǵı mámleketimiz joqarı oqıw orınları studentleri bolıp tabıladı eken. Al 173 respondent (18%) – bular mektep oqıwshıları yamasa kollej hám gimnaziyalardı pitkeriwshileri bolıp tabıladı.

Al endi joqarı maǵlıwmatlı respondentler sanı kemrek bolıwın túsindirsek (13%), ol jaǵdayda bul jerde bir neshe variantlar bolıwı múmkin:

- Ózbekstan Respublikasınıń basqa wálayatlarına yamasa basqa mámleketlerge jumıs ushın barǵanlar;
- bálkim biziń izertlewimizdiń waqtında olar jumısta bolıp, qatnasıw eta almaǵan shıǵar.

"Siz ushın turmıstaǵı eń qımbat bahalı zat ne?" degen sorawǵa juwaplar tómendegishe bólistirilgen boldı:

1) shańaraq - 74,3%;
2) salamatlıq - 54,1%;
3) qızıqlı jumıs - 44,2%;
4) materiallıq tárepten támiyinlengen turmıs - 58,4%;
5) muhabbat - 43,9%. (Diagramma 3)

**Diagramma 2.**

**"Siziń maǵlıwmatańız qanday?"**




Alınǵan nátiyjelerge qarasań, házirgi dáwirde zamanagóy jaslardıń qádiriyatları aldıńǵı áwladlardıń qádiriyatları menen salıstırǵanda azmaz ózgergen, biraq oǵan qaramastan, sonı atap ótiw kerek, zamanagóy jaslardıń qádiriyatları ierarxiyasinda shańaraq, muhabbat, tálim ústem bolıp tabıladı.

Filozof I.S. Kon zamanagóy shańaraq iskerliginiń bir tárepine itibar qaratıp, sonı kórsetedi: «Jámiyettegi ózgerisler - ilimiy-texnikalıq, mádeniy, kúydelik-turmıslıq - sonshalle tez hám sezilerli bolıp atır. Sol sebepli házirgi balalar ata-analarınıń jasaǵan dúnyasına qaraǵanda basqa ayrıqsha dúnyada jasawǵa tuwra keledi. Usınıń sebebinen, jetkinshekti tárbiyalawdıń natiyjeliligi, olardı ata-analarınıń turmısında bolmaǵan hám bolıwı múmkin sharayatlarda ǵárezsiz túrde háreket etiwge hám qarar qabıllawǵa tayarlaymizba yamasa joqpa emes, bálki qanday ruwxıy-etikalıq qádiriyatlar hám ústin turatuǵınlardı qáliplestirilgenligi menen bahalaniwı kerek» [3].

**Diagramma 3**



Álbette, ózgerislerdiń birinshi náwbette jaslarǵa, jańa social-demografiyalıq toparlarǵa, eń dinamikalıq hám jańalıqlardı tezlik penen qabıllaǵısh sıpatında bolǵanlıǵın esapqa alıw kerek. Ekonomikalıq reformalar ámelge asırılǵan bolsa-da, hámde respublikamız bazar qatnasların jolǵa qoyıw jolına ótsede, hám ilgeri ámeldegi bolǵan qádiriyatlardıń ekinshi orınǵa ótip óz ornın ekonomikalıq hám materiallıq qádiriyatlarǵa bergenine qaramastan, ózgergen haqıyqatlıqqa maslasqan jetkinshekler óz qádiriyatları hám stereotipleriniń tiykarǵı "negizin" saqlap qaldı. Tiykarǵı ruwxıy qádiriyatlar - kollektivlik, ruwxıylıqtı materiallıqtan ústin qoyıw hám basqalar – ulıwma ózgermegen, biraq málim bir sharayatlarda áyyemgi qádiriyatlar ózgertirilgen formada jańalanıp aktuallı bolǵanı kórinedi. Usıǵan baylanıslı Teodor Ruzvelttıń sózin keltireyik dedik: «Tálim berip hám etikalıq principlerdi uyretpew – bul jámiyetke taǵı bir qáwip tuwdırıw degen» [5, 416-419].

Solay etip, zamanagóy Qaraqalpaqstan jasları shańaraqqa úlken áhmiyet beredi, óziniń den sawlıǵın, materiallıq támiyinlengen turmısı haqqında ǵamxorlıq qıladı, joqarı maǵlıwmat hám mártebe tabısı, ózin ózi ámelge asıriwǵa hám finanslıq ǵárezsizlikke umtıladı. Demek, zamanagóy Qaraqalpaqstan jasları qádiriyatlar iyerarxiyasında tómendegilerdi tańladı (Diagramma 4):

**Diagramma 4**




- respondentler arasında shańaraq birinshi orında turadı (94%), yaǵnıy olar óz shańaraǵı haqqında ǵamxorlıq etetuǵın adamǵa úlken áhmiyet beredi eken;

- soraw qatnasıwshıları ushın doslıq (87%) úlken áhmiyetke iye, yaǵnıy qıyın jaǵdaylarda tayanatuǵın adamǵa isenim;

- den sawliq (88%), yaǵnıy adam óz salamatlıǵına hám shańaraq aǵzalarınıń sawlıǵına ǵamxorlıq qılıw sezimi bolıwı kerek;

- tálim (81%) - adam oqımıslı, mádeniyatlı, sawatlı bolıwı kerek;

- miynetsúwshilikti qádiriyat retinde, ózin ámelge asırıw múmkinshiligin beretuǵın iskerlik retinde sorawda qatnasqanlardıń 18% bahaladı;

- ǵárezsizlik hám eriklikke joqarı baha berilgen, respondentler hár qanday iskerlik túri tárepinen usınıs etiletuǵın ǵárezsiz qararlar qabıllaw múmkinshiligin, iskerlik formaları hám usılların tańlaw erkinligin qádirlegen - 47%;

- insannıń joqarı salawatın aytıp ótken halda mehribanlıq - 76,7%;

- sonıń menen birge, ádeplilik - 65%;

- hadallıq - 71,1%;

- intellektuallıq - insan salawatın aytıp ótken halda - 56,3%.

Izertlew barısında "Baxıt haqqındaǵı túsinigińiz?" degen ashıq sorawǵa respondentler tómendegishe juwap berdi (diagramma 5):

- bul baxıtlı hám párawan shańaraq - 88%;
- bul joqarı maǵlıwmatqa ıye bolıw - 72%;
- bul qızıqlı hám turaqlı jumıs - 63%;
- bul doslar, shańaraq aǵzaları hám jaqınları - 59%;
- bul ádalatlı mámleket hám ádalatlı jámiyet - 34%;
- bul tınısh aspan, dúnya boylap urıs bolmawi - 13%.

**Diagramma 5**




Baxıtlılıq tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı analiz qılıwda tómendegi táreplerdi atap ótiw kerek. Mısalı, baxıt dáregi bolǵan shańaraq (88%). Shańaraqqa tiyisli baxıttı birinshi orınǵa qóyǵanlardıń kópligi sonı kórsetedi, bul faktor Qaraqalpaqstan jasları ushın eń zárúrli bolıp tabıladı eken. Bul, sonıń menen birge, turmısta turaqlı hám jeke qatnaslardıń áhmiyeti, shańaraqqa tiyisli garmoniyaǵa umtılıw, búgingi jaslar ushın párawanlıqtıń tiykarı ekenligin kórsetedi.

Ekinshi orında joqarı tálim turadı - sorawda qatnasqanlardıń shama menen tórtten úsh bólegi joqarı tálimdi baxıt dáregi dep biledi (72%). Nátiyjede, jaslarımız tálimdi óz-ózin rawajlandırıw ushın, mártebe múmkinshilikleri hám sociallıq jıldamlıq quralı ekenligin kórsetip beredi. Sonıń menen birge, respondentler zamanagóy jámiyette tálimniń mádeniy áhmiyeti haqqında sóylep berip atır.

Keyingi tárep qızıqlı hám turaqlı jumıs (63%). Jaslarımız miynetti baxıttıń zárúrli elementi sıpatında qabıllaydı. Múmkin jumıstaǵı turaqlılıq hám oǵan bolǵan qızıǵıwshılıq finanslıq ǵárezsizlik hám ózin ózi ámelge asırıw menen baylanıslı. Bunday juwap respondentlerdiń kóbisi ushın mártebe hám kásiplik ósiwdiń joqarı dárejesin kórsetiwi múmkin.

Doslar, shańaraq aǵzaları hám jaqınlar degen kórsetkish (59%) hám joqarı, bul sociallıq baylanıslar hám sezimiy qollap-quwatlawdı kórsetedi. Bul kórsetkish shańaraq yamasa jumıs penen salıstırǵnda kemrek bolsa-da, baribir zárúrli bolıp tabıladı, bul insannıń ómirinde doslıq hám óz-ara járdem beriwdiń rolin tastıyıqlaydı.

Ádalatlı mámleket hám jámiyet degen kórsetkish (34%) - bul faktor da salıstırǵanda tómen procentke iye, bul kóp adamlar ushın turmıstıń jeke hám xojalıq tárepleriniń áhmiyetlilewin kórsetedi (shańaraq, jumıs, tálim) sociallıq hám mámleket ádalatı máselelerine qaraǵanda. Biraq, sondada, bul kórsetkish respondentlerdiń arnawlı bir toparı ushın social hám siyasiy shárt-shárayatlardıń áhmiyetliligin kórsetedi.

Basımızústindegi tınısh aspan (13%) - bul barlıq variantlar arasında eń kem procentke iye, bul sonı kórsetiwi múmkin, tınıshlıq zárúrli bolıwına qaramastan, respondentler global yamasa jámiyetlik máselelerge qaraǵanda baxıttıń jeke táreplerine kóbirek itibar beredi. Bálkim, bul

úyrenilgen aymaqta úlken kólemdegi áskeriy dúgilisisler joqlıǵı menen baylanıslı, yamasa respondentler bul tárepti ózleriniń jeke baxıtlılıǵı ushın kem áhmiyetli dep esaplaydı.

Solay etip, kópshilik respondentler shańaraq, jumıs hám tálimdi birinshi orınǵa qoyadı, bul bolsa jeke párawanlıq, ózin-ózi ámelge asırıw hám turmıstaǵı turaqlılıqtı atap otedi. Social baylanıslar (doslar hám jaqınlar) da zárúrli rol oynaydı, biraq basqa tárepler sıyaqlı onsha úlken emes. Respondentlerdiń kópshiligi ushın tınıshlıq hám ádalat jeke baxıt kózqarasınan kemrek áhmiyetke iye, bul házirgi turmıs sharayatları hám global siyasiy jaǵdaydı sáwlelendiriwi múmkin, ol bolsa kemrek qáwip tuwdıradı.

Sonı atap ótiw kerek, Qaraqalpaqstan jasları jeke párawanlıq, turaqlılıq hám rawajlanıwǵa tiykarǵı itibarların awdaradı, al global ádalat hám tınıshlıq bolsa olar ushın ekinshi dárejeli áhmiyetke iye bolıp tabıladı.

Sonıń menen birge, jaslar arasında ótkerilgen sociologiyalıq izertlew sonı kórsetedi, joqarı maǵlıwmatlı bolǵanlar jumıs penen támiyinlew, mıynet haqı tólew hám basqa máselelerde kóbirek múmkinshiliklerge ıye boladı. Jumıs tańlawda jaslar mıynet haqı hám támiynatqa itibar beredi, yaǵnıy, jumıstıń aylıǵı áwele joqarı hám qızıqlı bolıwı kerek. Bul jerde jaslardıń máplerin atap ótiw kerek, olar birinshi náwbette eń abıraylı hám dáramat dárejesi joqarı bolǵan tarawlarǵa baǵdarlanǵan. Miynet motivlerınıń eń zárúrli strukturalıq bólimleri tómendegiler bolıp tabıladı: mıynet haqı dárejesi (91%), islew múmkinshiligi (73%), mártebe ósiwi perspektivası (68%). Biraq, respondentlerdiń arasındaǵı 40%-ti óz kásibi boyınsha isleytuǵınına isenbeydi.

“Baxıtlı bolıw ushın siz eń birinshiden nege mútájsız?” - degen sorawǵa berilgen juwaplar joqarıdaǵı berilgen baxıt haqqında sorawǵa juwaplar menen baylanıslı. Baxıtlı bolıw ushın baxıtlı shańaraqqa ıye bolıw, jaqsı kórgen hám súygen jaqınlar hám aǵayınler, jaqsı jumıs, párawanlıq, materiallıq párawanlıq hám finanslıq turaqlılıq, oqıǵan hám salamatlı shaxs bolıw kerek, solay etip kommunikacion qádiriyatlarǵa hám qatnasıw qádiriyatlarına ıye bolıw, erkin hám ǵárezsiz bolıw, ózin ámelge asırıw múmkinshiligine ıye bolıw (tálim alıw arqalı da, jumısqa jaylasıw arqalı da). Sonıń menen birge, jaslar ushın jeke qawipsizlik, abıray hám ataqlılıq sezimi, dóretiwshilikke erisiw, qandayda bir joqarı dárejege ıseniw zárúrli bolıp tabıladı. Joqarıda aytıp kórsetilgendey, jaslar shańaraqqa tiyisli qádiriyatlarǵa úlken áhmiyet beredi. Shańaraqqa tiyisli párawanlıqqa erisiw quralı retinde materiallıq baylıqlar hám jaslarda joqarı reytingke iye. Jaslardıń bunday materiallıq-finanslıq jantasıwı búgingi jetkinsheklerdiń global ózgerisler dáwirinde tuwıllıwı menen baylanısın anıqlap beredi.

Bul izertlew barısında búgingi jaslardıń qızıǵıwshılıqları, ardaqlı shınıǵıwları hám xobbi tuwrısındaǵı sorawǵa berilgen juwaplar azmaz úmitsizlikti keltirip shıǵardı. Mısalı, respondentlerdiń 87% derlik hesh qanday qızıǵıwshılıǵı joq. Olardı pútkilley sociallıq tarmaqlar tartıp ketken. Álbette, Internet hám sociallıq tarmaqlar virtual baylanıslardı kúsheytiwge hám jeke dem alıstı intellektuallıqlastırıwǵa járdem beredi, biraq, sol waqıtta, aralıqtan bolǵan baylanıslar kóbinese anonim bolǵanlıǵı sebepli, jaslar manipulyacıyaǵa túsiywine qáwipi joqarı.

Sonı atap ótiw kerek, kóplegen sociologiyalıq izertlewler jaslardıń ǵalaba xabar quralların paydalanǵan halda audio tıńlaw hám video tamasha etiwge sarplaytuǵın waqtınıń kóbeyiwin belgilegen. Sociallıq tarmaqlarda «ilinip qalıw» – bul tekǵana qatnasıqlardıń jetispewshiligi, ózin ózi ámelge asırıw, dóretiwshilikke alternativ usıl, “puw shıǵarıw” kanalı (qumar oyınlarına bolǵan beyimlikti qandırıw yamasa toplanǵan narazılıqtı saplastırıw múmkinshiligi) emes, balkim sociallıq biyimlespewshilik, reallıq turmıstaǵı mashqala hám qıyınshılıqlardan shaǵılısıw forması bolıp tabıladı.

Solay etip, respondentlerdiń tek 13 procenti oqıw, sportqa qızıǵadı, bir neshe kisi tıgıw, pısırıw menen shuǵıllanıwların aytıp ótti (tiykarınan, qızlar). Biraq 87% respondentlerdiń maǵlıwmatların deviantlar sanına kiritip bolmaydı, olardı tek ǵana sociallıq tarmaqlar qızıqtıradı: óz jumısı yamasa oqıwı ushın maǵlıwmatlar aladı, basqa mámleketlerdegi dosları menen onlayn ushırasadı, óz jurtı hám mádeniyatı haqqında qızıqlı maǵlıwmatlar tabadı.

Biziń izertlewimizde Qaraqalpaqstan jaslarınıń dinge bolǵan qatnasına bólek itibar qaratildi. Jaslardıń diniy turmıs tárizine bolǵan qızıǵıwshılıǵı joqarı emesligi anıqlandi. Juwap bergenlerdiń 11 procenti, yaǵnıy shama menen 105 kisi haqıyqıy dindarlar bolıp tabıladı: olardıń ishinen 38 qızları

hijab kiygen, 67 ul balalar bolsa saqal koyǵan, sol belgileri menen óziniń xaqıyqıy múmin bolǵanın kórsetedi. Solay bolsa-da, respondentlerdiń 79 procenti Qudayǵa isensede, diniy turmıs tárizi olardı qızıqtarmaydı.

Solay etip, biz sonı juwmaq etiwimiz múmkin, zamanagóy Qaraqalpaqstan jasları dinge teń salmaqlılıqlı hám tuwrı qatnasta bolıp atır, hámde Qaraqalpaqstan jaslarınıń jámiyetlik sanasına diniy turmıs tárizine bolǵan qızıǵıwshılıǵı joqarı dárejede emesligi kórindi. Mısalı, ayırım izertlewler sonı kórsetedi, jaslarımız diniy bilimlerdiń zárúrligin tusinip jetedi hámde ruwxıy rawajlanıwǵa da umtılıadı. Jaslar dinge, eń dáslep, onıń kompensatorlıq funkciyası kózqarasınan shaqırıq qıladı, onı etikanıń tiykarı, milliy dástúr hám mádeniyat saqlawshısı retinde kóriedi. Biraq, basqa tárepten, diniy ekstremizm menen baylanıslı ótirik, nadurıs maǵlıwmatlar tarqalmaslıǵı ushın jaslarımız arasında bilim jumısların aparıw zárúr dep esaplaymiz.

Siyasat máselesinde Qaraqalpaqstan jasları arnawlı bir qızıǵıwshılıq kórsetip atır. Jaslarımızdıń siyasiy sanasınan tiykarǵı qásiyetlerinen biri - bul xabarlarǵa iye bolıwǵa umtılıw bolıp tabıladı. Jaslar áwladı zamanagóy xabar qurallarınan aktiv túrde paydalanıp atır: Internet, sociallıq tarmaqlar, onlayin platformalar menen. Bul olarǵa mámleket hám dúnyadaǵı siyasiy waqıyalardan xabarlı bóliwǵa múmkinshilik beredi. Álbette, bunday maǵlıwmatlardıń bar ekenligi jaslardıń sın pikirlew hám analiz qılıw qábiletlerin rawajlandırıwǵa járdem beredi. Sonda-da, shańaraq, tálim hám mádeniyat siyasiy sananıń qáliplesiwine tásiri de úlken. Dástúriy qádiriyatlar hám mádeniy ózgeshelikler jaslardıń siyasat hám sociallıq processlerdi qabıllawında zárúrli rol oynaydı. Shańaraqqa tiyisli qádiriyatlar hám tálim siyasatti túsiniw ushın tiykar bolıp, jaslardıń siyasiy waqıyalarǵa bolǵan qatnaslarına tásir kórsetiwi múmkin. Búgingi kúnde respublikamızda jaslar arasında siyasiy aktivlikke itibar artıp baratırǵanı gúzetilip atır. Mısalı, jaslar shólkemleri (Jaslar Áwkamı), studentler baslamaları siyasatti talqılaw, pikir almasıw hám social turmısda aktiv qatnas etiw maydanshalarına aylandı (Jaslar parlamenti). Tuwrısında, bul jaslardıń siyasatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı hám mámleket rawajlanıwına óz úlesin qosıw qálewiniń asıp atırǵanın kórsetedi. Soǵan qaramay, kópshilik jaslar siyasattan shette bolıp, jeke hám professionallıq turmısqa itibar qaratıwdı ábzal kóredi. “Siyasatqa qatnasıńız qanday?” - degen sorawǵa kóp respondentler siyasatqa aralasıwdı qálemeydi (76%), olar ushın jeke mákan áhmiyetlilew bolıp tabıladı: shańaraq, jumıs, doslar. Degen menen, basqa jaslar siyasiy tartıslar hám baslamalarda aktiv qatnas etedi - 12%. Basqa 12% respondentler juwaptan bas tarttı.

Solay etip, Qaraqalpaqstan jaslarınıń siyasiy sanası ele de aktiv rawajlanıw hám ózgeris processinde bolıp atır. Álbette, onıń keleshegi dástúriy qádiriyatlardı zamanagóy qıyınshılıqlar menen uyqaslastırıw, xabarlılıq, aktiv qatnas etiw hám respublikamizdıń barlıq puqaraları ushın qolay sociallıq ortalıqtı jaratılıwına umtılıwǵa baylanıslı.

“Siz qala/rayonlardıń abadanlastırıwına qatnasasızba?” – degen sorawǵa juwaplar tómendegishe bólingen:

- Aymaqtı tazalawda qatnasaman - 69%;
- Hesh qashan pataslamayman, pataslamawǵa háreket etemen - 73%;
- Qala/rayondı tazalaw ushın úgit-násiyatlaw jumısların alıp baraman - 13%;
- Bul haqqında qayǵırmayman, bul meniń jumısım emes - 4%;
- Mudam óz waqtımdı shembi kúnlerinde ótkeremen - 89%;
- Juwap beriwge qıynalaman - 17%. (Diagramma 6)

Bul sorawǵa berilgen juwaplardıń analizı sonı kórsetedi, aymaqtı tazalawda qatnasıw (69%) - bul júdá joqarı kórsetkish bolıp, respondentlerdiń úlken bólegi abadanlastırıwda aktiv qatnas etiwin kórsetedi. 69% – bul kópshiliktiń tuwrıdan-tuwrı tazalaw menen shuǵıllanıp atırǵanın kórsetedi, bul bolsa tazalıq máselesinde jámiyetlik aktivliktiń salmaqlı dárejesin kórsetedi. Keyingi juwap “hesh qashan pataslamayman, pataslamawǵa háreket etemen” (73%) adamlar ekologiyalıq juwapkershilikti sezip, átirap-ortalıqtı pataslamawǵa háreket etedi. Biraq sonı atap ótiw kerek, bul qatnasıwdıń passiv forması, yaǵnıy adamlar tazalıqqa itibar beredi, bıraq mudamı tazalıqtı saqlawǵa aktiv háreketlerge tayın emesler. Qala/rayon tazalıǵı ushın úgitlew (13%) basqalardan tazalıq ideyasın ilgeri jıljıtıwda kemrek aktivligin kórsetedi. Respondentlerdiń 15 procentten kemi úgit-násiyatlaw jumısları menen shuǵıllanadı, bul bolsa tazalıq hám tártip ideyaların basqa adamlar arasında tarqatıw boyınsha

jámiyetlik iskerliginde qatnasıwdıń tómen dárejesin kórsetedi. Qala yamasa rayondı abadanlastırıw haqqında qaygırmaytuǵılardıń júdá tómen procenti (4%). Bul sonı kórsetedi, jámiyet turmısında qatnaspaytuǵın yamasa bunı óz minneti dep esaplamaytuǵın kishi gruppa bar. Shembi kúnlerinde úzliksiz qatnasatuǵınlardıń kórsetkishi (89%) júdá joqarı, bul respondentlerdiń toparlıq aktivliktiń joqarı dárejesin kórsetedi. Shembelik ilajları kóbinese jergilikli toparlar tárepinen shólkemlestiriledi hám bunday joqarı procentler óz rayonında yamasa qalasında tazalıqtı saqlawǵa háwesker jámiyetshiliktiń bar ekenligin kórsetedi. Respondentlerdiń 17 procenti bul sorawǵa juwap beriwge qıynaldi. Bul sonı kórsetedi, adamlar arnawlı bir ilajlar, mısalı, dem alıw kúnleri yamasa abadanlastırıwda aktiv qatnas etiwdiń basqa formaları haqqında uǵımsız yamasa jetkilikli xabarlarǵa iye emes.

**Diagramma 6**




**JUWMAQ**. (**ВЫВОДЫ. CONCLUSION. XULOSALAR**)

Ulıwma alǵanda, maǵlıwmatlar sonı kórsetedi, jaslarımızda qala hám rayonnıń tazalıǵı ushın juwapkershilikti sezim dárejesi joqarı. Respondentlerdiń kóbisi (73%) shıǵındılardı shıǵarıp taslawdan ıqtıyat boladı hám shembi kúnlerinde aktiv qatnasadı (89%). Biraq tek azshılıq (13%) tazalıq ushın aktiv úgit penen shuǵıllanadı. Tek ǵana 4 procenti abadanlastırıw haqqında qayǵırmaydı, bul bolsa apatiyanıń tómen dárejesin kórsetedi. 17% juwap beriwge qıynaladi, bul maǵlıwmatlardıń uǵımsızlıǵın yamasa arnawlı bir háreketlerde anıq qatnasıwdıń joq ekenligin kórsetiwi múmkin. Bul bizge sonı kórsetedi, jaslarımızdıń kóbisi tazalıq hám shembi kúnlerinde aktiv qatnas etiwge tayın, biraq tek kishi bir gruppa tazalıq hám abadanlastırıw ideyaların tarqatıwda baslama kórsetip atır.

Sonı da atap ótiw kerek, eń kóp respondentler (89%) óz waqıtların turaqlı túrde shembi kúnlerin ótkeretuǵınlar – bular tálim alıp atırǵan jaslar bolıp tabıladı. Sonıń menen birge, sorawda qatnasqanlardıń 73 procenti - bul jaslar bolıp tabıladı, olar da biziń shamamız boyınsha tálim alıp atırǵan jaslar bolıp tabıladı. Aymaqlardı tazalawda aktiv qatnasıp atırǵan jaslar - bul qala xalqı bolıwı múmkin, sebebi Nókis qalasındaǵı máhellelerde aymaqlardı tazalaw boyınsha arnawlı bir akciyalar ótkeriledi: shembelikler, óz qálewi menen járdemler (xasharlar).

Jaslarımızdıń kóbisi turmıs mazmunı haqqında az oylaydı - 58%, olar bul filosofiyalıq soraw dep esaplaydı, házir olar haqqında oylawǵa waqıt joq, tekǵana ózleriniń, bálki shańaraǵınıń keleshegin támiyinlew ushın islew, oqıw kerek. Al bul sıyaqlı máseleler olar ushın paydasız dep esaplanadı. Filosoflardıń pikirinshe, "máńgi" dep atalǵan filosofiyalıq máseleler názerde tutıladı. Mısalı, Bertran Rassell tómendegi sorawlardı máńgi filosofiyalıq sorawlar dep atadi: "Adam ózi astronomǵa kórinetuǵın zatpa - kishi hám tómen dárejedegi planetada kúshsiz háreketlenip atırǵan

uglerod hám suw qospasınıń kishkene bir úzindisi bola ma? Yamasa adam, Gamlettiń oyında sawlelendiriletuǵınday ma? Bálkim ol usı eki pikerdegidey bolıp tabıladı ma? Turmıstıń joqarı hám tómen túrleri barma yamasa turmıstıń barlıq túrleri paydasız bolıp atırma? Eger joqarı turmıs tárizi ámelde bolsa, ol ne hám oǵan qalay erisiw múmkin? Joqarı bahaǵa ılayıq bolıwı ushın jaqsılıq máńgi bolıwı kerekpe, yamasa kosmos apatqa jolıqqan bolsa da, jaqsılıqqa umtılıw kerekpe?" [6].

Joqarıda aytıp ótilgenlerden kórinip turıptı, bul sorawlardıń barlıǵı insannıń ómiriniń mazmunı átirapında anıq jaylasqan. Sonday eken, mazmun hám turmıs tárizi máselesi, eń dáslep, biziń qádiriyatlarımız, materiallıq hám ruwxıy qádiriyatlarımız máselesi bolıp tabıladı. Óytkeni, áne sonnan kelip shıǵıp, qádiriyatlardıń tábiyatı, olardıń jámiyet turmısı hám shaxs turmısındaǵı ornı haqqındaǵı social-filosofiyalıq táliymat - áksiologiya payda boldı.

Házirgi waqıtta pútkil insaniyat aldında, hár bir oylanatuǵın insan aldında turmıstıń qádiriyatları hám turmıstıń mazmunı tuwrısında sorawlar keskin turıwı kerek, sebebi dúnyada júz berıp atırǵan globallasıw processleri jámiettiń ruwxıy ortalıǵında turmıstıń mazmunın joytıw sezimi bar ekenin anıq kórsetip atır. Bul joytıwdı dúnyaǵa ataqlı Avstriyalıq shaxs psixologiyasi boyınsha filosof "ekzistencial vakuum" dep ataǵan: "Eger mennen bul ámeldegi boslıqtıń sebeplerin qanday túsindiriwdi sorasa, men ádette tómendegi qısqasha formulanı isletemen: hám instinktler haywanlardan ayrıqsha adamǵa ne kerekligin aytpaydı, hám dástúrler keshegi kúndegi adamnan ayrıqsha búgingi adamǵa ne qılıw kerekligin uyretpeydi. Adam nege mútáj ekenligin hám nege lazımlı ekenligın bilmey, ol ne qáleytuǵının hám anıq oyda sawlelendire alalmay qaldı. Nátiyjede, ol yamasa basqalar qálegenin qáleydi (konformizm), yamasa basqalar odan ne qálese sonı isleydi (totalitarizm)" [10].

Izertlewdiń barısında respondentlerdiń 19 procenti juwabı joq sorawlar adamdı óz janına qas etiwge, jatıp isherlikke, itibarsızlıqqa hám jalqawlıqqa alıp keliwi múmkin dep esaplaydı. Respondentlerdiń derlik tórtten bir bólegi, yaǵnıy 23 procenti bul sorawǵa juwap beriwge qıynaldi, bul sorawdı olar ulıwma túsinbey qaldı. Bálkim bul mekteptegi tárbiyanıń jetispewshiligi shıǵar? Yamasa bunday máseleler shańaraqta qoyılmaǵan shıǵar? Bálkim bul dúńyaǵa kózqaraslarınıń tarlıǵı shıǵar, sebebi kópshilik respondentler (derlik 69%) kitap oqımaydi eken. Degen menen, olar óz xalqiniń dástúr hám úrp-ádetlerin qádirleydi, olar turmısta qanday da umtılıwlarǵa iye. Qaraqalpaqstanlıq jaslar shańaraq qatnasıqlardı, tálimdi qadirleydı. Zamanagóy jaslar óz-ózin ámelge asıriwǵa hám óz uqıpların rawajlandırıwǵa umtıladı.

"Ómirińizde nege kóbirek erispekshisiz?" – degen sorawǵa respondentler tómendegishe juwap berdi:

- shańaraqlıq baxıt – 78%;
- bilimli kadr bolıw – 71%;
- erkin hám ǵárezsiz bolıw – 61%;
- tınıshlıq hám hesh nársege aralaspaw – 58%;
- baylıq – 51%;
- haqiyqiy muhabbat – 47%;
- óz talantımızdı ámelge asıriw múmkinshiligine ıye bolıw - 35%;
- ámeldarlıq – 33%;
- ataq-abray – 29%;
- mártebege umtılıw – 28%;
- juwap beriwge qıynalaman – 7%. (Diagramma 7)

Solay etip, taǵı birinshi orında shańaraqlıq baxıtqa erisiw. Bul bizlerge sonı kórsetedi, shańaraqtaǵı dástúriy tárbiya jámiyetimizde ústinlik kásip etpekte. Óz keleshegin támiyinlew ushın maman qánige bolıw, hám keleshek shańaraqqa tiyisli baxıt penen baylanıslı, bulardıń barlıǵı biziń jaslarımız shańaraqqa tiyisli qádiriyatlardı hámme zattan ústin qoyıwın kórsetedi.

Ulıwma alǵanda, soraw nátiyjeleri sonı kórsetedi, búgingi jaslardıń kóbisi qádiriyatlardı maqsetler, jetiwshi bolǵan zatlar, ıyelewshi bolǵan zatlar retinde kóredi. Bul shańaraq, jumıs yamasa dóretiwshilik tabıs bolsın. Biz respondentlerdiń sózlerin analizlep, olardıń usınıs etken qádiriyatlar túrlerin saralap shıqtıq hám sonı abayladıq, jaslar tek ǵana pul hám materiallıq baylıqlar menen qızıǵıwshılıqta emes. Isenim, dóretiwshilik sıyaqlı ruwxıy zatlar materiallıq baylıqlardan kóre

áhmiyetlilew bolıp shıqtı. Tabısqa kelsek, jaslardıń óziniń jeke pazıyletleri hám dóretiwshilik qábiletleri jetiskenlikke erisiwge járdem beredi.

**Diagramma 7**




Solay etip, zamanagóy jaslardıń qádiriyatları hám baǵdarlarınıń ózgeriwin úyreniw kún sayın zárúrli áhmiyetke ıye bolıp atır. Mısalı, ayırım máselelerde jaslar qashannan berli jetik hám saldamlı, al basqa máselelerde bolsa ele de sada hám málim dárejede sheklengen bolıp kórinedi. Zamanagóy Qaraqalpaqstan jasları ushın ruwxıy-etikalıq hám, ulıwma pragmatik, materiallıq turmıslıq hám qádiriyatlar ayriqsha bolıp tabıladı. Olardıń barlıǵı zamanagóy jaslardıń jeke qádiriyatları sheńberinde zárúrli orın tutadı. Jaslardıń ómirde eń zárúrli qádiriyatlar qatarında den sawlıq, párawanlıq, sadıq doslar hám muhabbat eń joqarı orındı iyeleydi. Bul qádiriyatlar jas shaxstıń garmoniyalı hám tolıq rawajlanıwın támiyinleydi.

Zamanagóy jaslardı házir jámiyet aldında turǵan máselelerge juwap beriwge úyretiw ushın jaslar menen islesiwde jańasha jantasıwlardı shólkemlestiriw zárúr. Házirgi waqıtta Ózbekstanda jaslardıń baslamaların qollap-quwatlawdıń kóplegen formaları ámelde, mısalı, ózlerin ámelge asırıwǵa járdem beretuǵın joybarlar. Prezident Sh. Mirziyoyev aytqanınday: “Jaslarımız ǵárezsiz oylaw, joqarı intellektuallıq hám ruwxıy potencialdı ıyelewi, basqa mámleketlerdegi qatarlaslarına hesh qanday tarawda kem bolmawi, baxıtlı hám óz keleshegine isenimi kámal bolıwı ushın mámleketimiz hám jámiyetimizdiń barlıq kúsh hám múmkinshiliklerin sarplaymız” [2].

Solay etip, ótkerilgen izertlew sonı kórsetti, zamanagóy jaslardıń qádiriyatları ruwxıy hám materiallıq jónelislerdiń úylesiwi menen ajralıp turadı. Ruwxıy qádiriyatlardı asıraw, shańaraq hám tálimniń jaslar turmısındaǵı rolin bekkemlew jámiettiń garmoniyalı hám turaqlı rawajlanıwına erisiw ushın eń zárúrli wazıypalar bolıp tabıladı. Jaslar tekǵana global tendenciyalarǵa eriwi emes, bálkim milliy dástúr hám mádeniy qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan óz ózgesheliklerin saqlap qalıwı zárúrli boladı dep oylaymız.

**Ádebiyatlar/ Литература/ References:**

1. Ózbekstan Prezidenti Shavkat Mirziyoyev BMT Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında sózge shıqtı // https://president.uz/ru/

2. Mirziyoyev Sh.M. Erkin, demokratiyalıq hám párawan Ózbekstan mámleketin márt hám ullı xalqımız benen birge júzege keltiremiz. Shavkat Mirziyoyevtiń 2016 jıl 16 dekabrde Joqarı

Jıynalıs palatalarınıń qospa májilisinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti lawazımına kirisiw saltanatli dástúrindegi sóylewi // https://www.norma.uz

3. Kon I.S. «Rebyonok i obshestvo». M., 1988.
4. Kuznecova V.N. Sociologiya molodyoji: uchebnik. M.: Gardariki, 2007. 185 s.
5. Kutusheva Yu.Z. Semya kak faktor duxovno-nravstvennogo formirovaniya lichnosti podrostka / Yu.Z. Kutusheva. -Tekst: elektronniy // NovaInfo, 2016. -№43. -S.416-419. -URL: https://novainfo.ru/article/5238 (data obrasheniya: 06.11.2024).
6. Rassel B. Istoriya zapadnoy filosofii. M., 1959.
7. Saidov A. Ózbekstannıń zamanagóy jaslar siyasatı jáhán tendenciyalari jolında / Pikir // https://yuz.uz/ru/news/
8. Sociologiya molodeji: Uchebnik / Pod red. V.T. Lisovskogo. -SPb, 1996.
9. Uzbekistan strana molodeji / Centr "Strategiya razvitiya". 24 iyulya 2019 g. // https://strategy.uz/
10. Frankl V. Chelovek v poiskax smısla. M., 1990.
11. Cennosti sovremennoy molodyoji // Molodyojnoe parlamentskoe dvijenie Rossii. - [Elektronnıy resurs] - Rejim dostupa. -URL: http://www.newparlament.ru /tribune/view /155 (data obrasheniya 06.11.2024).

ISSN 2181-9556

Doi Journal 10.26739/2181-9556

# ИЖТИМОИЙ ТАДҚИҚОТЛАР ЖУРНАЛИ

3-МАХСУС СОН

# ЖУРНАЛ СОЦИАЛЬНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ

СПЕЦИАЛЬНЫЙ НОМЕР-3

# JOURNAL OF SOCIAL STUDIES

SPECIAL ISSUE-3

**Контакт редакций журналов. www.tadqiqot.uz**
ООО Tadqiqot город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of www.tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000